

Xibaarou wergui yaram bou am solo bou jeum ci deukkouwaye bi lakkone ci Bronx ci bessou 9 Sangwiye 2022

Xibaar bi daf lay xamal si qualité ngelaw bi ngay noyyi, ak galankoorou lakk si wergui yaram ak sétal gou wér ngir deukkeundo yi ci Twin Parks North West, 333 E. 181st St. ak li ko weur.

Lane moy saxar?

Saxar bou diogué si lakk da fa andak ay xeeti possane you bone. Gni am yenn djangoro yi you melni asma wala diangoro khol, amana gnou yeuk ay galankoor ci sène wergui yaram sou gnou noyyé saxar.

Yane galankoor la sétalou lakk di djour?

Sétalou lakk mane na djour metite ci beut, bakkane wala pout. Djangoro yi laadjoul seti doctor. Gni nga khamné amou gnou bènn tawate, dou yagg ak gnoom té amana dou djour yéneeni diangoro ci gnoom.

Seetil doctor ci lou gaw sou dè da nga mèn li kou fatte wala nga am djafé-djafé noyyi, wala nga am metite ci sa deunn. Sou dé da nga am asma wala djangolo xuteur bi gnouy wax COPD, wala djangoro xol wala lou ni mél, fébar bi mane naa gueuneu métti, kone démal seeti doctor.

Lakk itam mane na indi xet bouy dess lou yagg té di dougg si berep yi diéggué lakk gui. Khet yi nekhou gnou wayé yaxxaloul la dara ci sa wergui yaram.

Naka lay wagné xétou saxar ci sama deukkouwaye?

Xétou saxar mane na djeul ay ayou bess balaa mouy dégne. Ci diir bobou na nga rakhass té fompe sa deukkouwaye té nga bayyi deukkouwaye bi oubbekou ngir ngelaw li mane sè dougg.

- Dieufendikool massinou sétal nguelaw sooko yoré.
- Oubbil say parantère touti nguir guénné xét yiy dess.
- Footeul say yéré, say meuble, say moquette ak beep tissu bou mana djeul xét.
- Sannil leep lo khamné manatusse ko sétal sétal gou wer.

Ndax massinou sétal nguelaw mane naa wagni saxar si dess sama deukkouwaye?

Massine yiy sétal nguelaw dagno wouté si mane-mane. Djappal li:

- Massinou sétal nguelaw manoul dindi beep sobé bou nekk ci nguelaw li.
- Massinou sétal nguelaw yi gnou gueuneu kham ay pépp késsé la gnouy dindi, dou gnou dindi xét bou saxar sabab.
- Lèray ultraviolet (UV) yi nekk ci yènn massinou sétal yi manou gno dindi saxar bi andak nguelaw li dindi gou wér.
- Am na yéneeni massinou sétal youy dieufeundiko li gnouy wowé gassou ozone. Gasse bii baxoul ci xuteur té dafay yékkeuti asma. Moytoul massine yoyoulé té **bouko** dieufeundiko.
- Sa you né na ngay topp ndigueli ki défar massinou sétal nguelaw bi.

Naka lay dindè peund, xeumite ak todjite you séw yi?

So gnibbissé ci sa deukkouwaye, toppal ndiguel yii nguir dindi peund, xeumite ak yaxxou-yaxxou:

- Solal ay gants kawssou ak masque N95 (wala bou ni mél si masquou peund).

- So ame ay yaxxou-yaxxou you ndox sabab, raxassal wala nga sanni ci lou gaaw leep lou toy nguir mou bagna indi foune-foune.
- Dieuleul ndox ak sabou nguir tooyal todjite you sew yi ak beep beureup bou am peund bala ngay fompe peund bi ak xeumite bi.
- Défal todjite yi ci ay mboussou mbalit té nga takk mbouss yi bou bakh balaa nga koy sanni ci mbalit ma.
- Dieufeundikool aspirateur bou am filtre HEPA (mouy filtre bouy dindi particule yi gueuneu ndaw) nguir dindi peund bi.
- Raxassal sa kanam ak say loxo balaa ngay lekk wala naan. Soo paré fompe ak sétal, da ngay changé say yéré ak say dalle balaa nga dougg ci berep you sétt yi ci sa deukkouwaye.

Ndax gname yi ci frigo manèsse na ko lekk soudé courant bi da fa coupé wone?

Lekk bou congelé souy decongelé wala lekk bou sédd di tambalé tangué, ay bacterie ak microbes mane nagnou sé dound. Lii mane naa indi djangoro.

Sannil beep lekk boo khamné amaana yaxxouna (lou mél ni yapp, dieune, nén, meew, mayonnaise, wala dessitou gname) sou dé leek bi guènn na ci frigo bou sédd gnéénti wakhtou wala lou ko eup. **So ci amè khel gnare, sanni ko!** Boumou la diaral fèbar.

Naka lay khamé ni sama ndoxou robinet woor na naan?

Sou dè nekko wone ci sa deukkouway fane wala ay fane, oubbil sa robinet tè bayyi ko nonou ba ndox mi sédd té léér. Li dina fa dieulé ndox mou séttoul bi nékkone si tiwo yi.

Ndax xool nagnou deukkouwaye bi nguir wooral ni amoul contamination asbestos?

Department of Environmental Protection bou NYC xool nagnou ay beureup ci deukkouwaye bi wayé guissou gnou bénn yaxxou-yaxxou bo khamné yaakaar nagnou né asbestos mi ngui ci.

Ndax djar na may testé nguelawou sama deukkouwaye souma lakk gui daf maa diéggué?

Soxla wo testé sa nguelawou deukkouwaye ndaxte contaminants yi ci nguelaw li bari wou gnou ci té dougnou déss lou yagg ba lay indil ay djafé-djafé ci sa wergui yaram.

Fane lay dieulé xibar you gueuneu bari?

- So amé ay djafé-djafé ci sa chauffage wala ndox mou tangué, djokko wal ak ki yoré sa deukkouwaye wala ki ko moom. Waye sou de indi woussi safara ci lou gaw wootéél **311**, wala nga dém ci **nyc.gov/311** wala nga dém ci app 311Mobile déf fa plainte. Gni doul déggue mane nagnou déf plainte ci telephone bi gnou diaglél gni doul déggue (TDD) ci numéro 212-504-4115.
- So soxlaa yéneen xibar ci massinou sétal nguelaw, visitéél **epa.gov**, xool fa “air cleaners” (**sétal nguelaw**).
- So soxlaa xibar si foune-foune visitéél **nyc.gov**, xool fa “mold” (**foune-foune**).
- So soxlaa yéneen xibar ci qualité nguelaw wala djangoro you saxar di indi, wotéél **311**.

Health Department bou NYC mane naa soppi xibar yiy sou situation bi soppekoo.

1.12.22